



## **POLITIK POU MACHE FEËMYE MASSACHUSETTS yo**

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR) fè pwomosyon epi kontwole agrikilti atravè Commonwealth la. Objektif nou se travay pou ogmante opòtinite lavant ak livrezon pwodwi fèmme nou yo nan tout zòn nan Commonwealth la ak pi lwen. Gwo disponiblite sa a vize tou pou enkli moun ki otreman pa ka gen aksè a pwodwi sa yo nan fèm yo menm, oswa atravè magazen tradisyonèl yo. Anplis sa, MDAR gen yon wòl regilasyon ak lwa nan vant pwodwi agrikòl nan mache piblik yo. Pou rezon sa yo ak lòt rezon, MDAR te detèmine ke yon definisyon inifòm ak kalifikasyon minimòm yo nesèsè pou pi byen dirije efò sa yo.

Amezi mache fèmme yo devlope nan Massachusetts ak nan yon efò pou kenbe avantaj agrikilti Commonwealth nou an reyalize, li te vin de pli zan pli enpòtan pou debouche sa yo byen defini. An konsekans, dokiman politik sa a gen entansyon bay konsèy debaz ak definisyon konsènan mache fèmme nan Massachusetts.

Yon Mache Fèmme Massachusetts se yon mache piblik ki gen kòm objektif prensipal mete metyèlman an relasyon fèmme Massachusetts yo, kominote yo, ak achtè yo pandan y ap pwomouvwa ak vann pwodwi fèmme ki patisipe yo pwodwi ak elve yo.

### **Kalifikasyon minimòm pou yon Mache Fèmme Massachusetts:**

- De oswa plis fèmme, oswa anplwaye yo, volontè, oswa reprezantan, ki prezan tout tan pandan fonksyonman mache fèmme yo epi ki ap vann majorite pwodwi ke fèmme yo kiltive, pwodwi oswa elve nan eksplwatasyon yo a agrikòl nan Commonwealth la.
- Mache a te fikse lè ouvèti epi fonksyone sou yon orè regilye.
- Pwodwi yo byen make kanta orijin yo.
- Mache a konfòm ak tout lwa ak règleman lokal, etatik ak federal ki aplikab yo.
- Mache a dwe genyen, epi respekte, yon seri règ\* ki gouvènè fonksyonman mache a epi, ominimòm, garanti objektif prensipal yon Mache Fèmme Massachusetts se founi yon opòtinite maketing dirèk pou fèmme, forestye ak pechè Massachusetts epi abode sa ki annapre yo:
  - Tèm ak kondisyon vant, ki gen ladan pri ak etikèt
  - Elijiblite vandè ak sous pwodwi
  - Konfòmite tout machann yo avèk lwa ak règleman lokal, etatik ak federal yo.

MDAR sijere ke mache fèmme yo dispoze yon pwosedi doleyans alekri epi abòde responsablite mache ak vandè, ki gen ladan tout kondisyon asirans nan politik yo oswa règ yo.

\* MDAR dwe apwouve règ yo si mache a ap mande oswa resevwa fon sibvansyon MDAR patwone oswa gen entansyon enkli vant diven pa fèm diven nan mache a. Sepandan, tout fèmme yo dwe gen règ ki satisfè kalifikasyon minimòm sa yo.